


Asenisman ak pwopwete pou yon anviwònman sen



Asenisman ak Pwopwete pou yon Anviwònman Sen

	<i>Paj</i>
Mete sou pye asenisman an	4
Sa moun yo ap tann de twalèt yo	5
Kòman yon movèz asenisman kapab anjandre pwoblèm sou lasante? ...	6
Dyare ak dezidratasyon	10
Lave men yo ak dlo ak savon	12
Aktivite pedagogik kominote : Bare wout dyare a	16
Planifye asenisman an	18
Desen pou diskisyon : ki menas pou lasante nou kapab wè?	20
Gason ak famn gen bezwen diferan nan asenisman	21
Aktivite diskisyon kominotè:	
Elimine obstak ki separe famn yo ak asenisman an	22
Asenisman an: Aksè pou timoun ak andikape yo	23
Asenisman pou lasante timoun yo	24
Asenisman vil yo	25
Asenisman pou ijans yo	25
Tip twalèt	27
Twalèt ak fòs fèmen	29
Twalèt amelyore ak fòs vantile (VIP)	32
Twalèt ekolojik	33
Twalèt ak kompostaj ak fòs senp pou plante yon pye bwa	35
Twalèt ak kompostaj ak fòs doub	36
Twalèt sch pou derivasyon irin (pipi)	37
Angrè ak irin	41
Twalèt ak chas dlo manyèl (ak men)	44
Aktivite dasenisman kominotè:	
Etap asenisman an vè kominotè ki an bon sante yo	46
Lis mo difisil yo	48




Asenisman ak pwopwete pou yon anviwonman sen

Pwopwete ak evakyasyon dechè imon (ekskreman ak irin) nesèsè pou yon bòn sante. Si yo pa okipe sa ak sekirite, watè ak pipi nou yo kapab polye ou kontaminen anviwonman an e pwovoke dyare, vè nan vant, kolera, enfeksyon irinè. Nou kapab anpeche anpil nan pwoblèm sa yo grasa:

- la pwòpte pèsònèl (ijyèn endividyèl) nan lave men, benyen avèk swen epi mete rad ki pwòp.
- la pwòpte piblik (asenisman) nan itilize twalèt pwòp e asire, gade dlo sous yo pwòp e evakye dechè yo fason ki sèten.

Chapit sa a genyen alafwa enfòmasyon sou la sante pèsònèl ak piblik ensike fason pou n' konstwi twalèt rasire. Tout twalèt sa yo nou dekri la a nan chapit sa a ap fè disparèt dechè yo yon fason pou yo pa okazyone okon pwoblèm sou sante. Kèk nan twalèt sa yo ofri avantaj simplimen pou transfome dechè sa yo an angrè kiltivatè yo kapab itilize nan jaden. Se sa nou rele asenisman ekolojik.

Lè moun yo m anpile dechè zannimo pou fè angrè. yo dwe fè atansyon paske dechè sa yo kapab pwovoke kèk maladi. Pipi ak watè lòm kapab fè tèt a pwodwi anpil. men, tankou dechè zannimo yo. yo kapab pote mikwòb ki danjere anpil e yo dwe sèvi ak yo ak anpil swen.



Metè sou pye asenisman an

Anpil maladi transmèt soti nan yon moun rive nan yon lòt pa entèmedye kèk mikwòb ki genyen nan dechè yo. Kèk espesyalis (ekspè) panse pwoblèm la sante ki gen rapò ak yon movèz asenisman pa kapab evite sèlman si moun yo chanje abitud yo pèsònèlman, nan lòt sans, "konpòtman yo," nan sa k' konsène fason pou yo rete pwòp. Poutan, ide sa a fè yo echwe paske li pa pase an revni obstak moun yo dwe afwonte nan lavi kotidyen yo tankou povwete, mank daksè pou yon dlo pwòp. Alò, lè konpòtman an pa chaje, yo blanmen moun yo pou movèz kondisyon sante yo.




Lòt ekspè te chèche kèk solisyon teknik, telke twalèt modèn ak chasdlo. Solisyon sa yo gen souvan orijin yo deyò yon kominote epi yo mal adapte pafwa nan tradisyon ou nan kondisyon kominote ki konsène a. Epafwa yo kreye plis pwoblèm pase yo kreye solisyon.

Se pa lè y'ap blanmen moun yo pou movèz kondisyon sante yo, oubyen nan limite pwomosyon solisyon teknik yo, pou yo ka evite maladi mikwòb ki pran nesans nan yon movèz kondisyon liyèn oubyen yon asenisman malsen kapab lakòz. Pou amelyore lasante yon fason dirab, pwomotè lasante yo dwe koute atantivman moun kominote a epi travay avèk yo.

Lè kominote yo va itilize mezi ijyèn ak metòd dasenisman ki koresponn ak bezwen

Sa moun yo ap tann de twalèt yo



Lasante pa toujou rete rezon prensipal ki dwe pouse lèzòm gen volonte pou gen twalèt ki pwòp, bon jan alimantasyon an dlo ou yon ijyèn amelyore. Lòt bezwen kapab antre nan liyen:

Entimite: Twalèt yo kapab tou senp kou yon twou byen fon nan tè a. Men, bezwen entimite fè n' twouve si nesesè, se enpòtan pou twalèt yo byen abrite. Pi bon janabri yo senp e yo fèt ak materyo ki souplas nan lokalite a.

Sekirite: Si twalèt yo mal konstwi, yo kapab devni danjere pou n' itilize yo. E si yo lwen kay yo, famn yo kapab viktim danje lavyolans seksyèl lè y'ap eseye satisfè bezwen yo nan sa k' konsènen asenisman. Pou twalèt sa yo kapab sèten, yo dwe byen konstwi e nan yon plas ki san danje.

Konfò: Moun yo va gen plis anvi pou yo itilize twalèt ki ofri yon kote pou chita oubyen pou koupi konfòtabman e yonabri ase gran pou yo kapab kanpe e fè mouvman ak kò yo. Yo va gen plis anvi pou itilize twalèt ki toupre kay yo, kote van, lapli, la nèj p'ap ka fè yo anyen.


Lapwòpte: Si twalèt yo sal e si yo gen movèzodè, pèsonn p'ap vle sevi ak yo. Anplis, yo kapab pwopaje kèk maladi. Pataje travay netwayaj la oubyen peye lajan oubyen lòt avantaj pou sa yon jan pou asire twalèt la rete pwòp.

Rèspè: Twalèt ki byen okipe pote otoryte ak respè mèl li. Se souvan yon rezon trèzenpòtan ki pouse moun yo depanse lajan e fè anpil efò pou konstwi yo.

Yon dlo sèten pou lave kò e pou bwè enpòtan tou pou lasante. Se menm bagay pou kèk lòt fòm pwopwete tankou bay famn yo yon mwayen pou rete toujou pwòp pandan peryòd règ yo. (Pou plis detay sou jan famn yo frape pa yon movèz asenisman, konsilte paj 21-22 liv la.)

Kòman yon movèz asenisman kapab anjandre yon pwoblèm lasante?

Maladi yo mikwòb ak vè nan ekskremen yo lakòz se yon sous enkonfò konstan pou kèk milyon moun. Maladi sa yo kapab pwovoke kèk ane dendispozisyon e kapab anjandre




lòt pwoblèm onivo lasante tankou dezidratasyon, anemi e malnitrasyon. Kèk maladi grav anrapò ak asenisman an kòm kolera, kapab pwopaje rapidman e kondwi moun yo tou longsay bay lanmò.

Pou n' konnen plis sou fason yo trete maladi dyareyik yo ak enfeksyon vè yo lakòz, konsilte chapit 12 e 13, sitou paj 131-161 liv la Lè pa Genyen Doktè.

Kòman mikwòb yo pwopaje maladi yo?

Anpil maladi pwopaje soti nan yon moun ale nan yon lòt. Mikwòb yo se kèk òganis piti piti vivan ki pwovoke maladi. Pafwa li fasil pou n' konnen kote yo ye – nan ekskremen (poupou), manje pouri ak lòt kote ki sal. Men pafwa, mikwòb yo twouve nan kèk plas



ki sanble pwòp e ki sante menm jan. Mikwòb yo kapab pase nan yon moun pou rive nan yon lòt moun nan kontak kòporèl, e pafwa nan lè n'ap respire, avèk lapousye oubyen lè yon moun ap touse oubyen estènen. Yo kapab pwopaje atravè. Nouriti

Me yon fason mikwòb yo pwopaje maladi yo.



1. Yon nonm gen dyare deyò.



2. Yon kochon ap manje.



3. Yon timoun ap jwe ak kochon an epi mete pou pou a nan.



4. Timoun nan kòmanse kriye e manman li pou l' konsole li siye men li sou jip li a.



5. Manman an ap prepare manje pou tout fanmi. Li itilize jip li a ki fin souye pou anpeche l' bwile. Poupou k' nan jip li a antre an kontak ak men li. Li separe manje a.



6. Fanmiy nan ap manje manje a.



7. Pita tout fanmiy nan gen dyare.

Sa k' ta ka anpeche fanmiy nan malad?

Pwopagasyon maladi a ta ka anpeche:

- si nèg la te itilize twalèt.
- si kochon an te fèmen nan yon plas klotire.
- si timoun nan te lave men li olye li te sèvi ak jip manman li.
- si manman an pa te touche jip kontamine li a e manyen manje a.
- si manman an te lave man li ak dlo ak savon.



